

Seri No. 492

ASIA

050
Regi f 0.35

Wason
SB 323
I 5 016
1921a

PANANDOERÉ SAJOERAN

Anggitané toewan

J. J. OCHSE



UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
WEDALAN
BALÉ-POESTAKA

R. DUCRO. UITV.

Wason
SB323
I5
O16
1921a

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Cornell University Library
SB 323.15016 1921a

Panandoeré sajoeran.



3 1924 023 610 425

rch

PANANDOERÉ SAJOERAN

Anggitané toewan

J. J. OCHSE

Kanġi gambar 6 idji.

WEDALAN
BALÉ POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN
1921.

RUDCRQ UITY.

PANANDOERÉ SAJOERAN.

BEBOEKA.

Sarèhning nandoer sajoeran ikoe toemrapé wong boemi akèh pametoéné lan akèh batiné, prajoga banget jèn diwènèhi panontoen, soepaja panandoeré sajoeran bisa betjik.

Panandoeré sajoeran ikoe koedoe sarana kawroeh, lan koedoe tlatèn sarta lemahé koedoe loh.

J. J. OCHSE.

ATOER WOENINGA.

Sinten-sintena ingkang taksih semang pamaosipoen serat bab pananeming sajoeran poenika, kénging njoewoen katrangan dateng Pomoloog Goepmèn, inggih poenika tijang ingkang sampoen poetoès ing bab kawroeh palakirna ing Départemèn tetanèn, pabrik toewin padagangan (Departement van Landbouw, Nijverheid en Handel) ing Bogor. Kadjawi poenika sok tijanga kénging meling dateng Pomoloog waoe widji sarta sanès-sanèsipoen ingkang perloe ingatasipoen nanem sajoeran.

BALÉ POESTAKA.

PÉRANGAN I.

KATRANGAN LOEMRAH.

PANGGARAPÉ LEMAH.

Kang bakoe panggarapé lemah koedoe kang djero, ja ikoe: 60 cM. Perloené panggarapé lemah digawé djero, soepaja lemahé bisa ilang ketjoeté (dajoeng), soepaja hawa lan sorot sarta panasng srengéngé bisa mleboe ing djero lemah, jèn lemahé kang ndoewoer djalaran kewaledan bandjoer dadi ketjoet, ikoe bisané ngilangaké ketjoeté lan bisané kena ditandoeri sajoeran, koedoe digarap kang djero kaja kang kaseboet ndoewoer lan diraboek nganggo gamping. Apa manéh jèn kang arep kanggo kebon sajoeran ikoe sawah, lah ikoe panggarapé lemah koedoe kang betjik.

Panggarap kang djero maoe moeng kanggo kawitan, ing tembé jèn woes lanjah, ditandoeri sajoeran, tjoekoep moeng 20 — 30 cM. djeroning panggarapé.

Kang dianggo nggarap lemah tjalon kebon sajoeran ikoe patjoel oetawa wesi tjèngkèh (porok), sabab jèn diloekoe lemahé kang ana ing ngisor loekoe rada padet, samono maoe jèn nganggo loekoe Djawa; déné jèn nganggo loekoe Walanda lemahé ing ngisor ora padet, sabab loekoe Walanda dasaré rada lintjip, dadi ora madetaké lemah ngisor.

NJITAK.

Sadoeroenging lemahé katjitak kanggo kebon sajoeran koedoe digawèkaké got pamboewangan banjoe. Goté kang gedé. Lakoéné manoet marang iringing lemah. Lemah maoe dibèdèng-bèdèng, bèdèngané dapoer pasagi mbata, oedjoéré manoet lakoening got, malang tjilik-tjilik. Saben let 10 M. digawèkaké got malang kanggo pamboewangan banjoe andjog ing got gedé.

Amba lan djeroné kalèn-kalèn maoe goemantoeng marang iringing lemah lan kèhé oedan, rata-rata loemrahé djero lan ambané kalèn gedé maoe 40 cM., kalèn malang 20 cM., sarta nganggo lambé kang majaté pada karo doewoéré oetawa satengahing doewoéré.

Goeloedané ambané 1.20 M. lan disèlèhi dalan sikil 40 cM. Doewoéré goeloedan manoet wantjiné anggoné nandoer.

Ing mangsa rendeng goeloedané koedoe loewih doewoer katimbang ing mangsa katiga; bab ikoe akèh kang ora mikir. Ing

mangsa rendeng goeloedané koedoe digawé loewih doewoer katjèk akèh banget katimbang karo panggawéné goeloedan ing mangsa katiga; dadi jèn ambané 1.20 M. ing mangsa rendeng dalané ing antarané goeloedan koedoe loewih tjijoet, soepaja kèhé larikaning tandoeran ing dalem sagoelod ing mangsa rendeng lan mangsa katiga pada kèhé.

Goeloedané ora kena dipétak-pétak kaja sawah ing panggonan kang miring, sabab ing mangsa rendeng banjoené moendak ora bisa toentas. Moeng jèn lemahé miring banget ikoe kena dipétak-pétak mangkono, nanging lemah kang miring banget ikoe sanjatané ora betjik kanggo kebon sajoeran.

Jèn ing mangsa rendeng lemahé dikoewatiraké bakal kèli, goté kang moedjoer kena didokoki angel pring sawatara.

Panggawéné bédéngan pawinihan pada baé karo panggawéné goeloedan moeng lemahé baé koedoe digawé loewih mawoer katimbang lan kang dianggo goeloedan.

Jèn ing kono akèh rajapé, widjiné kena dideder ing pot oetawa kas, soepaja adja dipangan rajap, lan adja kongsi kekoerangan widji.

PANGRABOEK.

Sajoeran ikoe koedoe diraboek; samangsa lemahé akèh leméné sajoerané soeboer oeripé lan énggal kena dioendoe, dadi kang nandoer énggal éntoeké doewit.

Kang prajoga déwé raboeké, raboek tlétong, sabab raboek tlétong maoe kadjaba ngoendaki pangané tandoeran ing lemah, oega mbetjikaké lemah.

Jèn saben nandoer diraboek, raboeké tjoekoop 1 M³ ing dalem 20 — 30 M³. Raboeké ditoempoek disik ing goeloedan, nanging koedoe toemoeli dilèr lan dilebokaké ing lemah sarana patjoel oetawa wesi tjèngkèh.

Raboek tlétong ora kena kesoewèn ditoempoek ing goeloedan, koedoe toemoeli dilebokaké ing lemah, sabab jèn doeroeng di lebokaké bandjoer amoniak (leméné) kang ana ing raboek maoe ngoewab.

Panjimpené raboek tlétong maoe koedoe ana ing soemoeran kang dilépa nganggo semèn sarta ditoetoepi kang rapet, soepaja raboek maoe adja kongsi ilang amoniaké, lan manéh koedoe didjaga adja nganti soemoerané kilèn banjoe oedan.

Jèn ing panggonan kono ora bisa éntoek tlétong kang tjoekoop, kena nganggo raboek lijané ja ikoe raboek gawéan. Nganggo raboek gawéan ikoe jèn bisa panganggoné betjik banget toemrapping sajoeran, nanging raboek tlétong ikoe pérloe lan ora kena tininggal.

Moenggoeh tandoeran ikoe boetoehé kanggo oerip: Stikstof, Kali, Phosforzuur lan gamping.

Awit saka ikoe sajoeran ikoe dipérang dadi teloe:

1. Sajoeran godong.
2. Sajoeran ojed.
3. Sajoeran woh.

Mitoeroet pérangan ing doewoer maoe, boetoehé sajoeran godong Stikstof, sajoeran ojed Kali, sajoeran woh Phosforzuur. Loemrahé Stikstof ikoe kanggo nganakaké godong, Kali kanggo nganakaké wit lan pang, déné Phosforzuur kanggo nganakaké woh.

Déné gamping ikoe kanggo mbetjikaké lemah, sabab bisa gawé mawoering lemah; bisa nggampangaké loeloehing pangan, kang maoené ora loeloeh, dadi sasat ngratengi pangan, lan bisa ngratengi lemèn. Kaping teloehé kapoer maoe ngakèhaké wohing tandoeran kang kembangé mèmper koepoe lan tandoeran kang akèh godongé.

Sajoeran kang tinandoer ing kebon kono betjiké solan-salin djinisé.

Sapisan: soepaja pangan sadjroning lemah kang tjètèk sarta kang djero pada kepangan. Terangé mangkéné: tandoeran ikoe ana kang ojedé tjètèk ana kang ojedé djero. Kang ojedé tjètèk bisa mangan pangan kang tjètèk-tjètèk, déné tandoeran kang ojedé djero bisa mangan pangan kang djero-djero. Moelané bakda ditandoeri sajoeran godong, betjik ditandoeri sajoeran ojed, sabab sajoeran godong ikoe tjètèk ojedé, sajoeran ojed djero ojedé.

Kaping pindoné: soepaja warna-warna pangan ing kono bisa kepangan kabèh, awit kaja déné kang wis kapratélakaké ing doewoer, sajoeran godong, sajoeran ojed lan sajoeran woh ikoe béda-béda kaboetoehaning pangan.

Apa manèh jèn raboeké raboek gawéan, kang ngraboe koedoe ngerti temenan marang wewadiné lan kaboetoehaning tandoeran, soepaja adja kongsi ana raboek kang moespra.

Terangé mangkéné: oepama ing lemah kono Phosforzuré woes tjoekoep nanging kekoerangan Kali, ikoe sanadjan pangraboe kénadoekan ing Phosforzuur, pametoening tandoeran ija moeng satjitik, manoet ananing raboek kang koerang, dadi ing kéné manoet raboeké Kali.

Apa manèh jèn tandoerané isih tjilik ikoe koedoe dibantoe bisa soeboer oeripé, lan énggal gedé. Sanadjan tandoeran kang bangsané katjang, jèn isih tjilik oega perloe diraboek nganggo Stikstof ⁽¹⁾. Bésok jèn wis gedé bisa njerot Stikstof déwé saka ing awang-awang lan bisa njimpén Stikstof maoe ing prentiling ojedé.

(1) Sakèhing tetoekeolan toemrap oeripé perloe nganggo Stikstof, nanging panganggoné ana kang akèh ana kang satjitik. Loemrahé tandoeran maoe pandjoepoeké Stikstof saka sadjroning boemi, nanging bangsaning katjang olèhé Stikstof kang akèh saka ing awang-awang.

Prentil ojed maoe ing saben tandoeran kang bangsané katjang, wangoené béda-béda. Prentil ojed maoe dileboni woedjoed kang lemboet banget, saking lemboeté kongsi ora kasatmata; katoné moeng jèn dideleng nganggo kèker mikroskoep. Woedjoed maoe arané bakteri, jèn wis keleben bakteri bandjoer metoe prentilé, dadi wis bisa nando Stikstof.

Sadoeroengé ana bakteriné kang nganakaké prentil maoe, tandoeran ikoe doeroeng bisa njerot Stikstof saka ing awang-awang.

Sawidji-widjining tandoeran bangsaning katjang koedoe oerip bebarengan lan toeloeng-tinoeloeng karo bakteri.

Ing sarèhning toemrap sabangsa-bangsaning katjang maoe ora pada roepané, moelané ora prajoga lemah ikoe ditandoeri bangsaning katjang moeng sawarna, blaðegan kongsi kaping pindo.

Lemah kang doeroeng taoe ditandoeri tandoeran kang kembangé mèmper koepoe (bangsané katjang) jèn arep ditandoeri tandoeran bangsané katjang sok ditjampoer disik karo lemah saka ing papan kang woes taoe ditandoeri tandoeran bangsa katjang; oepama 3000 K. G. (50 datjin) ing dalem sabaoe.

Bab pangraboek nganggo raboek gawéan maoe kena kaetrapaké ing tanah pasir oetawa lemah-lemah lempoeng.

Kadjaba raboek kang kaseboet ndoewoer ana manèh raboek goðong.

Patrapé warna lóro, sapisan jèn tandoerané kang arep kanggo raboek maoe woes kembang, bandjoer dibabad lan dipendèm ing lemah kono; oetawa tandoerané diingoe nganti mati karepé déwé lan gogrogané sarta kekaréné dibosokaké ing kono. Kang mangkono maoe karo pisan bisa mbetjikaké lemah, awit ngoendakaké lemèn. Déné jèn lemah maoe jèn ditandoeri bangsaning katjang moendak Stikstofé.

Kang perloe banget diraboek nganggo raboek goðong ikoe lemah kang pasir lan lemah kang lempoeng lan kelèt.

Jèn lemah pasir diraboek nganggo raboek goðong dadi ilang masiré lan jèn lempoeng kelèt dadi mawoer, toer ngoendakaké lemèn.

Kang betjik kanggo raboek goðong ikoe katjang Tjina lan lijané tandoeran bangsa katjang kang wité ora atos.

WIDJI.

Widji ikoe betjiké mekasa menjang Europa. Jèn meling menjang Firma kang wis betjik djenengé, widjiné mèh kena katamtokaké bisané toekoel, lan manèh toelèn.

Widji saka tandoerané déwé ikoe énggal soeda pametoené, bisa-bisané betjik moeng sapanénan, widji saka tandoerané déwé ikoe kang kena dianggo moeng widji kang gampang anggoné milih, kaja ta widji bangsané katjang, kapri lan lija-lijané.

Warnané sajoeran lan arang kerepé panandoeré sarana diipoek oetawa ora, ikoe bakal ditjaritakaké ing boeri.

WANTJINÉ NJEBAR WIDJI.

Wantji kang betjik kanggo ndeder widji sajoeran ikoe ing mangsa laboeh oetawa marèng, perloené soepaja bésoek mangsa gedé-gedéning oedan oetawa banter-bantering panas tandoerané wis gedé lan koewat. Nanging jèn toekang nandoer sajoeran maoe ing sadjroning sataoen teroes anggoné ngetoni sajoeran, panjebaré widji kena samangsa-mangsa.

NANDOER LAN NJEBAR WIDJI (NDEDER = NGIPOEK).

Moenggoeh loemrahé djeroning pandèdering widji ikoe pada karo kandelung widjiné. Jèn widjiné tjilik koedoe dinetaké nganggo blabag oetawa patjoel, soepaja widjiné bisa rada ambles ing lemah kang teles.

Jèn widjiné kang didèder maoe woes toekoel lan toekoelané woes gedé sarta koewat dielih, koedoe dielih ing goeloedan kaseboet ndoewoer, pangelihé dipoeter (dikatoetaké lemahé) oetawa dibedol. Betjiké dipoeter; nanging poeteran ikoe rada akèh wragadé tinimbang bedolan, nanging jèn poeteran tandoerané énggal ngilir sarta ora akèh kang mati, dadi satitik soelamané.

Jèn panandoeré widji ikoe teroes didèder baé ana ing goeloedan, dadi ora diipoek disik ana ing bedéngan ipoekan, betjiké panandoeré nganggo larikan dadi ora disebar, perloené gampang anggoné ngarangaké kang kekerepen lan kapindoné gampang pamatoené lan pandangiré, kaping teloené ora kakéhan widji kang kabowang.

PANGOEPAKARA.

Pangoepakara kang koedoe dietrapaké saben dina ja ikoe: njirami, ngeleb, ngéjoeb-éjoebi, ngresiki lan ngarangaké kang kekerepen.

Njirami ora angon mangsa ikoe bisa ngroesakaké. Kang dikon njirami ikoe koedoe wong kang ngerti lan kang woes koelina, moelané ora kena solan-salin, sarta anggoné njirami moeng jèn perloe baé. Kang kanggo njirami gembor (bros) kang bolongané lemboet-lemboet; ora kena nganggo siraman kang tibaning banjoené goemrodjog, sabab ikoe gawé madeting lemah, dadi mbandjoer ngoendakaké wragad kanggo mawoeraké lemahé. Golèk wong kang kena dipitaja marang pagawéan kaseboet ndoewoer maoe pantjèn angèl, moela perloe banget koedoe ditiiti déwé.

Pawinihané koedoe saben dina disirami nganggo gembor kang lemboet bolongané. Toemrap tandoeran kang gedé ora perloe saben dina. Anggoné njirani ora kena pisan-pisan ing tengahé tandoeran, lan ora kena ing wantji awan noedjoe banter-bantering panas, sabab mbesemaké godong, kenané moeng ing wantji ésoek lan soré. Kang kena dielep ikoe moeng tandoeran gedé kaja ta: kool, jèn tandoeran lijané kang tjilik-tjilik pangelebé moeng ing slokan lan ing sela-selané bédéngan baé. Lan manèh ora kena pisan-pisan banjoené mambeg ing kono, sabab kang mangkono maoe bakal gawé ketjoeting (dajoeng) lemah.

Wragadé gawé pajon ikoe rada larang, mangkono oega ing tanah Europa. Nanging énggalé roesak pajonan maoe marga saka dielah-elih. Moela ing bédéngan pawinihan prajoga digawèkaké pajonan kang tetep, sakané pring lan pajonané gedég arang. Pajonan maoe koedoe sing èntèng. Anggoné majoni koedoe moeng sadéla-sadéla baé, nanging saopama mangsané dipajoni, woosana ora dipajoni, mengko jèn katradjang panas banter tandoerané bisa besem, satemah oeripé oentjrit-oentjriten. Perloe banget tandoeran ikoe noeli dikoelinakna marang panas lan marang solan-salining hawa.

Ing koebengé panggonan kang arep dipajoni digawèkaké adeg-adeg kira-kira 60 cM doewoeré, déné adeg-adeg iki katoempangan pajonan maoe. Soepaja pajonan maoe ora sok dielah-elih, betjiké pajonan maoe kena didjeplakaké lan ditjantolaké ing tjagak kono, dadi jèn perloe kanggo didoenaké, jèn ora perloe, ditjantèlaké.

Kang perloe dipajoni ikoe pawinihan, jèn noedjoe panas banget lan oedan deres. Déné tandoeran kang gedé kang perloe dipajoni moeng sajoeran godong; apa déné andyvie kang dibengketi (ditalèni) ikoe perloe banget dipajoni jèn noedjoe oedan, soepaja adja kongsi bosok déning kalebon ing banjoe.

Matoen ikoe oega pagawéan kang perloe lan ora kena tininggal. Kang sapisan soepaja tandoerané ora didesek ing sesoeketan, kapindoné asri dincleng. Jèn keboné asri lan resik akèh wong kang kapéntjoet toekoe sajoerané. Toemrap tandoeran tjilik sarta tandoeran ing pawinihan, pamatoené nganggo tangan; salijané ikoe nganggo porok oetawa piranti boeboet kang diarani tjétok (schoffel).

Ngarangaké tandoeran ikoe koedoe manoet marang wong sidji-sidjiné dadi tanpa patokan; dadi koedoe meroehi sapira bakal gedéné tandoerané, nanging iki doedoe pagawéan kang gampang, bisané nindakaké jèn wis kerep nglakoni.

NGOENDOEH.

Pangoendoehé sajoeran ikoe jèn wis pantog gedéné, jèn wis pantes lan kena didol, oetawa toemoeli bakal kanggo lebonan.

Jèn sajoeran kang kanggo lebonan ikoe kenomen ndadèkaké karoegiané kang nandoer, sabab kang dileboni amasti ndjaloek loewih saka mastiné, mangka doewité ora moendak, kang ngleboni koedoe mitoeroeti. Rak ija awèh kapitoenan marang kang nandoer, jèn saben dina dikon gawé bédéngan. Kang mangkono maoe agawé angèl anggoné ngira-kira panandoéré. Satemené ora gampang ameroehi sadjrining satahoen pira panandoéré, soepaja bisa njoekoepi marang kaboetoeahané lengganané. Wantjiné ngoendoeuh ikoe kang betjik ésoek lan direksa soepaja adja roesak.

MADAH.

Anggoné madahi kang akèh-akèh ora pati diperlokaké. Wadiah kang betjik ikoe perloe banget toemrap sajoeran toer ngresepaké kang toekoe. Jèn betjik anggoné madahi ikoe wis aran reklame kang satitik wragadé. Kang betjik kanggo wadiah krاندjang kang gèpèng (kang diarani krاندjang Nizza, sabab ing krاندjang kono sajoerané ora kedesek kaja déné ing krاندjang kang doewoer sarta kang loemrah kanggo wadiah sajoeran. Lan manèh jèn krاندjang gèpèng ora pati diwolak-walik kaja déné krاندjang kang doewoer.

PÉRANGAN II.

WARNA-WARNANING SAJOERAN.

SAJOERAN GODONG.

Kool ikoe pada-pada sajoeran apik (kikrik) déwé. Djaloe kané lemah kang eloh banget, koedoe akèh pakané lan tjoe koop banjoené.

BLOEMKOOL (KOOL KEMBANG).

Jèn bloemkool woes agoelung 4 oetawa 6, wis kena dielih saka pawinihan (bédléngan) menjang goeloedan. Pangelihé dipoeter lan panandoeré larikan, aranging larikané 70 cM., leté tandoeran sidji marang sidjiné 60 cM. Jèn wis nglilir temenan kena diraboek nganggo chilisalpeter (sandawa).

Raboeké diwoer-woeraké ing kiwa-tengené tandoerané, ing dalem satandoeran $\pm$ 5 gram. Jèn tandoerané doeroeng bisa soeboer, diraboek manèh 5-10 gram ing dalem saowit. Soepaja kool maoe ora idjo, koedoe dipajoni nganggo godong. Pangoendoehé ing wajah ésoek, lan koedoe disimpen ing panggonan kang isis, soepaja bisa renjah.

Sarèhning leté panandoeré kool ikoe rada adoh, ing sela-selané kena ditandoeri sajoeran lija. Oepama dioeloeri widji radys (lobak) oetawa ditandoeri slajah. Panandoeré lan pandederé bareng karo panandoeré koelé.

Betjiké kaja ing ngisor iki:

Lemahé ditandoeri slajah, leté larikan 40 cM.; Leté tandoeran 30 cM. Leté salarik ditandoeri bloemkool, dadi jèn saladahé dioendoech, bloemkoelé arangé 80 cM. Jèn slajahé wis dioendoech, ing tengahé larikan kool kena ditandoeri boentjis, dadi jèn koelé wis dioendoech, aranging boentjis maoe 80 cM.

Saboebaré ikoe ditandoeri andèwi oetawa didederi wortel [ndelenga gambar sidji bab boentjis].

Bloemkool Walanda kang bangsa betjik:

Vroegere Hollandsche broei, Haagsche vroege en Haagsche taaie, vroegere Langedyker en late groote Utrechtsche kortbeen.

SLUITKOOL.

Kang kaleboe bangsané sluitkool ja ikoe: kool abang, kool poetih lan savoye kool, panandoeré pada karo bloemkool.

Leté larikaning kool abang oetawa poetih 70 cM, leté tandoeran ing larikan 60 cM. Savoye kool larikané arangé 60 cM., tandoerané ing larikan 50 cM. Pangraboeké nganggo raboek gawéan, ing dalem 1 roe □ [tjengkal □] 2 KG. Superphosphaat, $1\frac{1}{2}$ KG patentkali lan 1 — $1\frac{1}{2}$ KG. chilisalpeter. Pangoepakarané pada karo bloemkool; koedoe akèh banjoené lan sok diqangir [lemahé diketjrik].

Bangsané roode kool kang betjik: Utrechtsche roode Zenitt, Lange dyker, roode en President Garfield.

Witte kool: Suikerbrood, Roem van Enkhuizen, Lange dyke witte en Yarksche.

Sovoye kool: Fijne vroege, Taaie gele, gewone groene en kleine groene.

BROCOLI.

Brocoli ing tanah Djawa kéné loewih gampang dadiné tinimbang bloemkool, sabab brocoli oeripé koedoe ana ing tanah kang sedengan hawané. Nanging widjiné rada langka. Moela betjiké jèn bisa anganakaké widji déwé baé. Panandoeré pada karo bloemkool. Sing bangsaning betjik jaikoe: Englesche witte brocoli lan Mammouth.

SPRUITKOOL.

Spruitkool ora betjik ing lemah kang loh, sarta ora kena diraboek kakéhan, sabab godongé bandjoer kakéhan lan siwilané koerang. Jèn kakéhan godong koerang siwilané, godongé digepjoki nganggo kajoe oetawa wilah, soepaja bandjoer metoe siwilané.

Arang kerepé nandoer spruitkool 60×60 cM. [60 cM mesagi].

Kang bangsaning betjik: Hooge en lage Engelsche Spruitje lan bangsané Aigbux lan Wroxtoh.

BOERENKOOL.

Boerenkool ikoe ing kéné bisa betjik lan sanadjan sajoeran maoe ora bisa sinimpen lawas kalawan ijs, éwadéné énak rasané.

Panandoeré gampang lan pangoepakarané pada karo kool lija-lijané.

Boerenkool ikoe ana kang mrentel godongé ana kang ora, ana kang doewoer ana kang tjèndèk. Kang bangsané betjik doewoera oetawa tjèndèka, kang idjo sarta kang aloes prentel-prentelé.

PETSAI.

Ing tanah Djawa ija ana kool kang arané Pitsaikool. Enggoné mentjaraké kang prajoga déwé sarana epangé, disemplèki ditan-

tjepaké ing lemah. Jèn ing kéné wis akèh kool Europa, Petsai-kool iki masti sirna, awit ora ana kang demen nandoer.

Amané kang loemrah kool ikoe oeler, bisa ngentèkaké tandoeran ing pawinihan lan ing goeloedan. Saranané ngilangaké oeler maoe ora ana manèh ija moeng ditjekeli lan dipatèni. Wis taoe ditjoba satitik sarana disemproti nganggo banjoe godogan godong tommat (blondotan) lan kang mangkono ikoe bisa mitoe-loengi.

SPINAZIE.

Spinazie ikoe oega ndjalok lemah kang betjik, lan dipérang dadi rong warna; ja ikoe spinazie loemrah lan spinazie Nieuw-Zeeland. Spinazie loemrah ikoe ana Spinazie Glarab ana spinazie Oleracea. Spinazie ikoe kena disebar lan kena didèder nganggo larikan. Larikané arangé 15—20 cM. Spinazie ikoe seneng banget jèn rinabook kongsi kaping pindo nganggo chilisalpeter. Pangraboké ngarepaké nibakaké widji oetawa jèn widjiné wis toekoel; kèhé $\frac{3}{4}$ KG ing dalem 1 roe $\square$ lan jèn perloe kena dipindoni. Demenané lemah kang bisa nahan banjoe.

Spinazie Glabra kang betjik, ja ikoe kang amba godongé lan boender widjiné.

Spinazie Prasman kang betjik: monstrueuse de Viroflay, déné Oleracea godongé amba-amba banget ngoengkoeli Glabra kang agodong amba lan awidji boender.

Spinazie Nieuw-Zeeland loewih gampang panandoeré tinimbang lijané. Tandoerané bisa gedé, lan widjiné oega gedé sarta kena didèder ing goeloedan.

Goeloedan kang ambané 1.20 M. ditandoeri spinazie dadi rong larik, arang kereping tandoeran ing sawidji-widjining larikan 50 cM. satjemploengan widjiné 2 oetawa 3, nanging oega kena didèder ing pawinihan lan pangelihé menjang goeloedan dipoeter, betjiké ditandoer ing goeloedan baé.

Kang dioendoeuh godongé kang enom, lan gampang bisané éntoek widji saka tandoerané déwé maoe.

SNIJBIET OETAWA WARMOES.

Panjebaré ana ing goeloedan kalarik-larik; leting larikan maoe 20-25 M. Déné pandèderé rada dikerepi, sabab ing tembé bakal diarangaké tekan 10 cM.

Kang akèh tinandoer ikoe snijbiet kang koening godongé, arané Luculls.

Jèn godongé woes kena dioendoeuh. pangoendoeuhé diketok kira-kira 3 cM. saka lemah.

ZURING.

Zuring. Njebar widji sapisan bisa kanggo lawas, anggoné nangkaraké sarana disoewèki. Saben 4 taoen sapisan koedoe dianjaraké lan anggoné nganjaraké oega sarana disoewèki. Zuring ikoe ndjaloek panggonan kang éjoeb, sabab jèn kapanasan sok ketjoet.

Soepaja zuring maoe bisa betjik salawasé, jèn wis kembang, kembangé dipotèli. Arangé panandoeré 25-30 cM.

Sing bangsaning betjik Nobel zuring.

POSTELEIN.

Postelein ikoe ora taban adem, dadi ing kéné mesti dadi. Postelein koedoe diraboek kang akèh, apa manèh lemah kang doe-woer, awit postelein ikoe ojudé ngambang, sarta oemoeré ora dawa.

Sarèhning widjiné lemboet-lemboet banget dadi sing njebar koedoe sing wis koelina banget, moela widjiné sok dipoetih nganggo kapoer Walanda. Ing dalem saméter pasagi widjiné 10 gram; sawoesé widji maoe disebaraké, bandjoer ditoetoepi ing lemah salarap kang tipis banget, noeli dienetaké. Sawisé mangkono, bandjoer ditoetoepi nganggo gedèg oetawa goni kang teles soepaja pawinihané adjeg teles, moerih bisané ratjak toekoelè. Jèn toekoelané wis katon, toetoepé diboewang. Postelein kang koening loewih pajoe tinimbang sing idjo.

CICHOREI.

Cichorei ikoe tandoeran kang mawa ojud gedé kaja déné wortel. Moela moerih gampangé ojud gedé maoe ing kéné dakarani wortel baé. Déné kang betjik kang godongé bisa tepoeng nganakaké endog kaja déné koebis (kool).

Cichorei ikoe angèl bisané nganakaké widji, kang bisa ngen-dog godongé oetawa mbedodok. Anggoné moetjetaké godongé gampang baé. Jèn ana kang bisa ngendog (endogé diarani Brusselsche witlof), perloe wortelé ditandoer manèh kanggo widji. Kang kanggo widji miliha wortel kang loeroes lan lentjeng, lan kang godongé amba lan dawa sarta mbedodok arep tepoeng dadi krop. Wortel kang mangkono ikoe diketok godongé dikarekaké watara rong dim, bandjoer ditandoer. Gagangé kembang diketok jèn kembangé arep metoe, soepaja ngepang lan soepaja widjiné bisa mateng bareng. Bisané éntoek endog (krop) ikoe angèl banget, sabab koedoe nganakaké wortel disik soepaja ing tembé bisa moetjetaké endogé.

Pandèderé widji ing larikan leté 20 cM. widjiné ora kena kekerepen enggoné ngoeloeraké. Kanggo nganakaké Brusselsche

witlof, lemahé ora kena diraboek akèh-akèh, sabab wortelé bandjoer kegedèn, lan manèh wortelé ora kena sigar, koedoe kentjeng lan loeroes. Jèn toekoelané doewoeré wis watara 5 cM. diarang-arangi nganti dadi 10-15 cM. leté. Jèn wis 5 oetawa 6 sasi, wortelé wis toewa, bandjoer dibeḍol lan diiris poetjoeké lan godongé diiris oega nganti kari 2 oetawa 3 cM. Wortel maoe bandjoer dipendem ing panggonan kang peteng; pamendémé koedoe didégaké djedjeg kang rengket kungsi pépéd-pépédan, dioeroegi lemah watara 25 oetawa 30 cM. kandelé. Saja peteng panggonané mendem, godongé saja poetih dadiné. Moela pamendémé betjiké ing sadjroning loemboeng oetawa omah kang peteng lan pamendémé kena ing lemah, oetawa ing peti (kas). Wortel maoe jèn dipendem bakal toekoel godongé, jèn godongé wis watara 25 cM. dawané bandjoer dioendoeh (dikeṭoki).

ANDYVIE (ANDÈWI).

Andyvie ing hawa kéné bisa dadi, widjiné dideḍer ing pawinihan lan pangelihé sabisa-bisa poeteren, jèn toekoelané wis godong 4- 5. Ing goeloedan arangé panandoeré 40 cM, jèn madjoe teloe 30 cM. Jèn tandoerané isih tjilik-tjilik betjik disirami nganggo djèr-djèran chilisalpeter $\pm$ 40 gram ing banjoe 10 L lan iki tjoe-koop kanggo goeloedan kang dawané 8 M, ambané 1.20 M.

Jèn andyvie ikoe wis pantog gedéné sarta ing tengah (atiné) wis garing temenan bandjoer koedoe ditalèni. Ing mangsa rendeng tandoerané sing ditalèni maoe koedoe dipajoni nganggo gedèg. Toekoelané koedoe dipajoni adja kungsi kodanan lan kapanasan, nganti tandoerané woes koewat.

Jèn anggoné nalèni wis olèh saminggoe, wis poetih lan kena dioendoeh. Anggoné nalèni koedoe kang kentjeng, nanging ora kena kekentjengen, sabab jèn kekentjengen ora bisa moendak gedé. Bangsaning andèwi kang betjik ja ikoe: 1 kang amba godongé, 2 kang kebak atiné lan 3 kang njlekenṭoeng sarta amba godongé.

SALADE (SLADAH).

Sladah ikoe tansah koerang baé ora bisa njoekepi kaboetochané ing akèh, mangka ora gampang bisané ngoendoeh ing sawajah-wajah, apa manèh ing mangsa rendeng. Sarehning ora tahan kena oedan deres, dadi koedoe dipajoni nganggo gedèg.

Pandederé ing pawinihan oetawa ing pot (pan). Jèn mangsa rendeng, ing pot, sarta pangelihé dipoeter samangsa toekoelané wis godong teloe oetawa papat. Leté panandoeré 30 cM. jèn madjoe teloe 25 M. Sladah ikoe kaja déné tandoeran lijané kang oemoeré tjendak, ndjaloe diraboek lan lemahé koedoe mawoer. Sladah ikoe soepaja memes, koedoe soeboer, moelané mesti diraboek

kang akèh. Jèn tandoerané ing goeloedan wis nglilir, diraboek nganggo chilisalpeter; pangraboké sarana disiramaké ing oewité, nanging ora kena njiram goðongé, awit jèn goðongé nganti kesiram, bandjoer besem. Patrapé mangkéné: Chicisalpeter 20 gram ditjemploengaké ing banjoe 10 L, djèr-djèran maoe bandjoer disiramaké. Chilisalpeter samono maoe tjoekoop kanggo njiram goeloedan kang dawané 8 M. ambané 1.20 M. Sawisé disiram nganggo djèr-djèran chilisalpeter noeli disiram nganggo banjoe resik, soepaja jèn djèr-djèran salpeter maoe ana kang njiprat ing goðong, bisa kéroet lan soepaja djèr-djèrané toemoeli moedoen tekan ing ojed. Panandoeré slaðah sataoen bisa teroes, dadi sawantji-wantji.

Bangsaning slaðah kang betjik ja ikoe: broeigeel lan Zwart Duitsch, apamanèh Rudolphi's Lie bling, ikoe ana ing tanah Djawa mesthi bisané dadi. Ana manèh Laibacher Eiskopf lan Mai Koningin, karo pisan betjik banget disetoepe.

Slaðah ikoe kena ditandoer ing sela-selaning tandoeran kool, prei lan lija-lijané oetawa toeroet pinggiring goeloedan ertjis lan boentjis. Ora ngemoengaké toemrap slaðah baé, nanging oega toemrap sakabèhing sajoeran goðong, lemahé ing sela-selaning tandoeran koedoe diketjrik pindo oetawa pisan.

Slaðah ikoe betjiké adja dipèk widjiné, kena-kenané dipèk widjiné moeng satoeroenan. Slaðah kang ngenðogé betjik, diiris goðongé, sawisé mangkono bandjoer toekoel seminé, kang bakal nganakaké widji. Jèn widjiné wis arep mateng, dioenðoeh, noeli diwadahi ing kantong kertas lan digantoeng soepaja garing. Moe-lané nggoné nggarèngaké diwadahi, perloené adja kongsi ilang gogrogané widji.

SAJOERAN OJOD.

KOOLRAAP.

Koolraap ikoe ora pati ana adjiné, sabab ora pati ana kang dlemen.

Koolraap koedoe ditandoer ing lemah kang lemboet, lan kang akèh raboké sarta éntoek banjoe akèh.

Pangraboké kaja kang kaseboet ing bab ngrabok, ikoe woes njoekepi. Panandoeré kena dideðer ing pawinihan, lan kena teroes dioeloeraké ing goeloedan. Kang dioeloeraké ikoe kang betjik, sabab bandjoer bisa diarang-arangi lan dipilihi, kang ala-ala diboewangi, disalini kang betjik-betjik. Jèn dideðer ing pawinihan, pangelihé jèn wis goðong 4 oetawa 5 lan dipoeter; arang kerepé 40 cM, madjoe teloe.

Ing mangsa katiga rada rekasa bisané éntoek knol kang memes, ikoe koedoe didangir lan dioeroeg.

Bangsaning koolraap kang betjik ja ikoe: koolraap koening lan Frische blauwkop.

RAAPKOOL.

Ikie loewih disenengi ing wong tinimbang kool-raap, panandoeré pada karo koolraap. Raapkoool, koolrabi oetawa glaskoolraap. ikoe kang dipangan blendoekeaning wité. Apa manéh Erfurder kang poetih oetawa kang biroe ikoe betjik banget.

MEIRAAP.

Sing bangsaning betjik: ronde vroege witte Mei lan Soester knolletjes.

Kanggoné tandoeran Meiraap lemahé ora perloe kaja koolraap. Meiraap panandoeré teroes dideker ing goeloedan leté larikané 20—25 cM. Ing tembé diarang-arangi, dadi leté tandoeran ing larikan 15—20 cM. Panggoepakarané gampang lan oemoeré moeng 3 sasi. Kanggo ngingoe widji, kang ditandoer knolé, leté 30—40 cM. Pangépéné widji diwadahi ing kantong, soepaja adja kékahan kang ilang.

RADIJS (LOBAK).

Ikie disenengi ing wong, sarta koedoe sataoen moepoet panandoeré (dadi ora angon wajah) lan kena disebaraké oetawa dioeloer ing larikan.

Betjiké dioeloer ing larikan, leté larikan $\pm$ 10 cM. Ing tembé jèn kekerepen diarang-arangi; anggoné ngarang-arangi sok bisa bareng karo ngoendoehi.

Panggoepakarané gampang lan kena ditandoer sasela-saselané kool, ertjis oetawa bangsaning katjang.

Sing bangsaning betjik: non plus ultra, Triumph kang tjorèk abang sarta poetih, lan roode en witte broei.

RAMMENAS.

Kang akèh-akèh kang ditandoer rammenas irèng lan rammenas Tjina kang abang mbranang, panandoeré pada karo lobak. Dioeloeraké leté larikan 20 cM. ing tembé diarang-arangi nganti 15—20 cM. leté tandoerané.

WORTEL OETAWA PEEN.

PEEN OETAWA WORTEL ikoe koedoe éntoek lemah kang gembroeng lan akèh pangané, nanging ora kena diraboek nganggo raboek kang anjar, sabab sok marakaké bosok.

Panggaraping lemah koedoe kang djero, apesé ana 30 cM. soepaja ojodé adja kongsi njénggol lemah kang atos, sabab jèn nganti njénggol ojodé sok sigar. Diraboek nganggo raboek gawéan oega kena. Pangraboeke ing dalem 1 M. pasagi $2\frac{1}{2}$ KG. chilisalpetet, 3 KG. patentkali lan 2 KG. super-phosfaat. Pa-

nandoeré betjik dideđer ing larikan tinimbang disebar. Widjiné kira-kira 30 gram ing dalemi 1 R². Widjiné disimpen 3 taen isih bisa toekoel, sok oega woeloené ora kobong. Kang akèh-akèh ing saiki sok didèkèk ing lèngsèr wesi soepaja gampang nggoné ngoeloeraké. Jèn dioeloeraké nganggo tangan baé, akèh woeloené kang gogrog, betjiké nggoné ngoeloeraké widjiné diwori wedi. Anggoné ngoewori kena saowisé oetawa sadoeroengé diekoem. Jèn panandoeré nganggo larikan, panglariké koedoe kalawan piranti, roepané kaja garoe, leté larikan 10—15 cM. Piranti maoe nganggo oentoe wilah, dawané oentoe 10 cM. lan arang kerepé manoet aranging larikan, dadi 10 oetawa 15 cM. Ambané garoe maoe pada karo ambané goeloedan. Garoe maoe ija nganggo boom, lan boemé ing tengah-tengah ana wilahé 2, gandèng karo poetjoeké. Jèn garoe maoe digarokaké, sapisan baé goeloedané kebak larikan. Widjiné dioeroegi sawatara lan dinetaké nganggo patjoel. Jèn enggoné ngoeloeraké ana ing larikan, gampang nggoné matoen lan ngarangaké; leté tandoeran didadèkaké ± 4 cM. Bangsaning wortel kang betjik: Parijsche ronde lan Amsterdamsche bak, halflange van Carentan, halflange van Nantes lan korte roode deuvik.

BIET.

Bit ikoe djaloekané lemah pada karo wortel. Bit ija kena karaboek nganggo raboek gawéan, patrapé kaja ngraboek wortel. Apamanèh raboek kali ikoe bisa ngondakaké kèhing goalané. Pandèderé betjik kalarik-larik; leting larikan 20 cM. Leting tandoeran bésoek diarangaké nganti dadi 15—20 cM. Widji sidji bisa nganakaké tandoeran 2 oetawa 3. Widjiné bisa koewat disimpen nganti 3 taen. Bit ikoe oega kena dilih panandoeré nanging koedoe ngati-ati banget, déné kang gampang sarta moerah kadèder ana ing goeloedan baé. Widjiné koedoe dienetaké sawisé dioeloer, soepaja adjeg telesé. Goeloedan koedoe rèsik lan kerep diketjrik soepaja lemahé mawoer.

Pangoendoehé, godongé diiris; poentiren oetawa poenggelen baé, soepaja mbésoek jèn diolah ora kakèhen doedoehé kang ilang. Panggodogé koedoe dikabèhaké; sawisé digodog, koelité gampang nglètjèpé.

Kang bangsané betjik: Moerheims zwartbladige moor, non plus ultra, lan de roode platronde Egyptische.

SCHORSENEER.

Schorseneer oemoeré moeng samangsa lan ing tanah Djawa kéné tentoe bisa dadi. Sarèhning widjiné moeng 1 taen kenané disimpen, dadi betjiké koedoe dioeloer toemoeli, leté larikan 20 cM.

Bésoek tandoerané diarangaké nganti dadi 10—15 cM. Gagangé kembang dipoenggeli, soepaja ojodé ora atos. Pangoendoehé koedoe

PANANDOERÉ SAJOERAN

2

ngati-ati. ojodé adja kongsi toegel. Schorseneer ikoe kang katandoer ojodé. Jèn arep ngamék widji, godongé dipronggol, ojodé semi manèh lan semèné iki kang bakal awoh. Wohé kang wis toewa dipetiki. Kang bangsaning betjik: kang ireng, vulcaan lan Rusische reuzen.

KNOLSELDERY (SLÈDRI KENOL).

Kang ditandoeri knolselderij ikoe lemahé koedoe kang akèh leméné. Raboek tlétong anjar oetawa raboek gawéan ora betjik, sabab bandjoer ngakèhaké godong ngoerangaké knol. Banjoené koedoe diakèhi. Ojodé sobrah kang pada katon koedoe diketoki, goeloedané koedoe resik lan lemahé koedoe kerep diketjrik. Pandèdèré ing pawinihan, lan jèn toekoelané watara woes 10 cM, dielih menjang goeloedan. Leting larikan 40 cM, madjoe teloe, dadi ing goeloedan kang ambané 1.20 M. bisa ana teloeng larik. Ing sarèhning pandèdèré knolselderij nganggo didjoengangi, doe-doe kané kang sapandoeman dioeroegaké ing djoegangan, kang sapandoeman manèh isih maotoetok ing antaraning djoegangan. Lemah kang maotoetok ikoe kena ditandoeri sladah; dadi papané sladah loewih doewoer tinimbang papaning knolselderij. Moelané knolselderij ditandoer ing djoegangan, soepaja knolé adja ngajoe (atos kaja kajoe). Jèn knolé wis pantog gedéné, godongé dibengketi, soepaja hawa lan soroté srengéngé bisa mleboé ing lemah, ndjalari moendaké ing knolé. Waktowé tandoerané isih ana ing goeloedan, ora kena pisan-pisan godongé dipetiki.

Kang bangsaning betjik: Erfurter knol lan Prager reuzen knolselderij.

UI (BRAMBANG WALANDA).

Panandoeré brambang Walanda ikoe koedoe ing lemah kang loh, sabab oeripé ikoe lawas.

Widjiné dioeloeraké ing larikan, leté larikan 20 cM. Bésoek diarangaké nganti leté tandoerané ing larikan koerang loewih 15 cM. Goeloedané koedoe resik lan lemahé kerep diketjrik. Kenané dioendoeh jèn godongé wis ora moendak manèh. Sawisé dioendoeh jèn godongé wis garing, godongé diboewangi. Betjiké ditandoer ing panggonan kang doewoeré 6000 kaki oetawa loewih.

Kang ditandoer kaja kang kaseboet doewoer kang betjik brambang zwijndrecht (Zwijndrechtsche ui), brambang Walanda kang abang (de roode Hollandsche) de Stroogele en bruine Zeeusche.

Goeloedané betjik digawé nggeger sapi, sabab brambang ikoe ora pati tahan marang banjoer. Brambang kang kanggo asinan ora pati perloe ditandoer ing lemah kang loh banget, nanging lamahé kang ndoewoer koedoe kang betjik. Pandèdèré ing larikan

kang kerep, nanging leting larikan 10 cM. Pangoepakarané lan pangoendoehé pada bac lan brambang kang kaseboet ndoewoer, jaikoe brambang gedé.

Inlegui (bawang asinan) koedoe tjilik, boender, mentes lan poetih; kang betjik kanggo asinan: Sint Jan lan brambang tjilik kang poetih.

Kanggo widji koedoe milih brambang kang mentes, goeloené lan dasaré, ja ikoe pérangan kang toekoel ojodé, tjilik-tjilik.

Ikie mae dideder, jèn wis semi, semèné diingoe nganti metoe wohé (indrengé). Pandederé leté 25 cM. Pangoendoehé jèn widjiné wis ireng-ireng, lan bandjoer diwadahi dloewang oetawa kantong, lan diepé.

PREI.

Kang bangsané betjik: de dikke Brabantsche winter, Reuzen prei van Carentan lan dikke Leidsche.

Panandoeré widji dideder ing pawinihan. Jèn toekoelané wis 10 — 15 cM doewoeré, bandjoer dielih ing goeloedan. Goeloedané dikalèni leté 20 cM, leting tandoeran ing larikan 15 cM. Sadoeroengé ditandoer toekoelané dilongi godong lan ojodé, ing antarané prei kena ditandoeri slagah leté 30 cM lan panandoeré bareng karo preiné. Jèn slagahé wis dioendoeh preiné diarog lan diraboek tlétong oetawa chili. Pangraboeké ing kalénan ing sela-selané prei.

SJALOT (BRAMBANG).

Pandederé sjalot ikoe gampang banget. Kang betjik sjalot loemrah lan sjalot kang poetih. Panandoeré warna loro: andeder widjiné oetawa brambangé. Brambangé mae jèn dideder ojodé énggal metoe pentolané. Goeloedané oega koedoe nggeger sapi. Leté larikan 20 cM, leté tandoeran 15 cM, pangoendoehé jèn godongé wis wiwit abang arep garing; sawisé garing, godongé mae diboewangi. Panjebané ana ing larikan kang leté kaja kang kapraté-lakaké ing doewoer, nanging sebarané kang kerep soepaja ing tembé kena diarangaké dadi 10 cM.

BAWANG (KNOFLOOK).

Panandoeré pada karo sjalot. Bédané bawang karo kabèh bangsaning brambang kang wis kapraté-lakaké ing doewoer ja ikoe: bawang sijoengané ana siliré.

SAJOERAN OEWOH.

BANGSANING BOENTJIS.

Sajoeran iki kang akèh tandoerané wong boemi, nanging oetamané dipepakana warnané, kaja ta: princesse boonen, ertjis, peulen, snijboonen, tuinboonen lan capucyners.

TUINBOONEN.

Panandoeré leting larikan 40 cM. lan leting tandoeran ing larikan 25 cM. Ing sagoeloed isiné kang loemrah 2 oetawa 3 larik, nanging akèh kang panandoeré dikoebengaké ing kebon sajoeran. Panandoeré ing dalem satjoeblekan widjiné 2 oetawa 3, lan ing sela-selané ditandoeri wortel oetawa slajah.

Jèn tandoerané watara wis $\frac{1}{2}$ M. doewoeré, koedoe dilandjari. Betjiké lan gampangé, mangkéné, ing poengkasaning goeloedan kiwa-tengen didokoki adeg-adeg, ing adeg-adeg iki saben let 40 cM. diplagrangi pring sigaran. Jèn ngisor wis metoe wohé, wité ing doewoer diprunggol, ja ikoe jèn doewoeré wité watara wis 60 — 100 cM.

Pangoendoehé ora kena kegedèn, sabab sing disenengi ing akèh ikoe kang isih enom. Moeng jèn kanggo widji koedoe milih kang toewa, ja ikoe jèn wis ireng, lan milih kang kentjeng-kentjeng.

Pangraboeké koedoe kang wareg, kaja déné kang wis katjari-takaké ing doewoer bab panandoeré tetandoeran kang kembangé mèmper koepoe, sabab bangsaning kara ikoe oega tandoeran kang kembangé mèmper koepoe, kenané karaboek nganggo stikstof moeng jèn tandoeran maoe isih tjilik. Jèn nganti kakèhen stikstof, tandoerané roesak.

Sawisé ditandoeri tuinboon, lan tandoeran lijané kang kleboe bangsané tandoeran mawa kembang mèmper koepoe, betjiké ditandoeri sajoeran godong.

Kalané dieloer widji maoe koedoe dititi, adja kongsi ana kang mblentong ireng. Jèn ana kang mangkono, ikoe ing djero ana kéwané kaja kepik, kang ing tembé bakal ngroesakaké lan memangani godongé kang enom-enom. Widjiné koewat disimpen nganti 2 taoen; Kang bangsaning betjik: Lange Leidsche, vroege breede witkiem, lan vroege klooster.

SLABOON.

Iki ana kang mrambat ana kang ngadeg. Kang mrambat panandoeré mangkéné:

I. Widjiné dieloer 6 oetawa 7 ing dalem satjoeblekan, kalarik ing goeloedan kang ambané 60 cM. Ing dalem sagoeloedan moeng ana salarik. Widjiné dipendem 2 oetawa 5 cM. djeroné, manoe garing-telesing lemah; leté tjoeblekan 60 cM. Ing panggonan kang bakal ditandoeri, diandjiri disik, ing tembé ngiras kanggo landjaran; dawané andjir $2\frac{1}{2}$ — 3 M. Landjaran-landjaran maoe pada disèlèhi palang, doewoering palang $1\frac{1}{2}$ M. Ora anané pring ija kena nganggo kajoe taoen satjandaké. Sakiwa-tengening landjaran kena ditandoeri slajah.

II. Goeloedan kang arep ditandoeri slaboon maoe ambané 1—1.20 M. Landjaran dadi rong larik, leté 60 cM. madjoe teloe. Landjarané poetjoeké digatoekaké lan ditalèni. Ing ndoewoer bandjoer didokoki plagrangan. Landjarané lan plagrangané koedoe pring sigaran, soepaja tandoerané gampang mrambaté.

III. Goeloedan ambané 60 cM. Ing tengahé didokoki landjaran salarik, landjaran maoe didokoki plagrangan wilah. Doewoering plagrangan 1½ M. Sakiwa-tengening landjaran madjoe teloe didèderi slaboon, leté 60 cM.

IV. Landjarané neloe-neloe madjoe teloe, ing doewoer ditalèni dadi sidji, doewoering talénan 1½ M. Terkadang landjarané madjoepat, lan nggoné nalèni oega papat-papat, ja ikoe jèn panandoeré slaboon maoe saboebaré bloemkool, kaja kang katjaritakaké ing bab panandoeré bloemkool. Nandoer slaboon kang mangkéné iki kena diarani „patrap goeboegan”, sabab landjarané madjoepat kaja tjagak goeboeg. Soepaja sadina moepoet, karané bisa kaso-rotan ing srengéngé, larikané dioedjoeraké ngalor. Wantjiné kang betjik kanggo nandoer sakabéhing boon ana ing mangsa laboeh oetawa marèngan. sabab toemrap tandoeran ing mangsa laboeh, bésoek wajahé akèh oedan, wis gedé-gedé; mangkono oega tandoeran ing mangsa marèng. bésoek banter-bantering panas cega wis gedé-gedé, dadi wis pada koewat kodanan gedé lan kapanasan banter. Papané ing goeloedan dingèngèhaké satitjik, kanggo ndèder sadijan soelaman. Soepaja mrambaté bisa kentjeng, betjiké nganggo ditalèni, nanging adja kekentjengen lan ora kena kliroe; pamrambaté bangsané kara ikoe koedoe ngiwa.

STAMSPERGEBOONEN.

Pandèderé pada karo kang kaseboet ing doewoer, moeng leté rada kerep. Ing goeloedan kang ambané 1. 20 M. moeng dilariki dadi toloeng larik, leting tandoerané 30 cM; saben saelèng disèlèhi 4 oetawa 5 widji; leting larikan 40 cM.

Goeloedan ikoe ija kena dikèhi larikané kongsi leting larikan moeng ana 5 oetawa 10 cM.

Jèn panandoeré akèh, ora perloe ditandoer ing goeloedan, arang-kerepé panandoeré adjeg kaja kang kaseboet ing doewoer. Bangsané peulvruchten (kapri sapanoenggalané) ora kena diraboek akèh-akèh, sabab jèn kakèhen raboek moeng godongé kang akèh, nanging wohé soeda. Kang prajoga kanggo ngraboek ikoe gamping, sabab gamping ikoe bisa ngratengi panganing tandoeran ing lemah kang maoené ora bisa diserot déning ojed, woesana bareng wis diratengi ing gamping dadi bisa diserot.

Jèn panandoeré stamboonen arep kanggo bruineboonen, pangoen-doehé jèn isiné wis oedar saka gantilané (kotjak) lan jèn wité wis koening klikané. déné pangoen-doehé dibedol oewité. Stam-

boonen kang akèh wuhé, jèn mentas oedan koedoe diwalik soepaja adja bosok. Wité dibedol, perloené prentilé ojed kangisi stikstof bisaa kèri ing lemah. Anggoné ngepé diklantang kaja wong nglantang djagoeng.

Bangsané boon rambat kang betjik : enkele lan dubbele princessen zonder draad lan fijne trosjes. Boon ngadeg : dubbele stampriessen, fijne tros lan witte reuzen. Kanggo bruine boonen loemrahé kang katandoer : kievitboontjes lan chocoladebruinen rotjes.


SNIJ BOONEN.

Panandoeré kaja slaboön. Iki oega ana kang mrambat lan ana kang ora.

Sakabèhing boon kena ditjampoer panandoeré karo tandoeran lijané. Kaja ta: Snijboön karo slajah sarta kool. Oepama nandoer slajah ing larikan leté larikan 45 cM., leté tandoeran ing larikan 30 cM. Ing antaraning larikan slajah leté 90 cM. ditandoeri kool madjoe teloe.

Jèn slajahé wis arep ngoendoeh, ing larikané slajah ditandoeri boon, leté 60 cM., dadi bandjoer goeboegan (gambar No. 2) kaja kang kaseboet ing bab slaboön.

GAMBAR 1, schaal 1: 10.




Gambar 2, goeboegan ing gambar No 1 kang nggandèng boon.

Panandoeré kang kaja mangkéné ikoe ba-goes banget; dadi lemahé koedoe betjik pangraboeké.

Kang bangsananing betjik boon mrambat: moerheine reuzen, slagzwaard zonder draad, verbeterde Veensche lan lange breede slag-zwaard. Boon ngadeg: vroege smalle lan lange breede echte.

PEUL, ERWT (ERTJIS) LAN CAPUCYNER.

Gambar 2.



Sarèhning teloeng warna iki pada, pangremboegé didadèkaké sidji.

Pangoeloehé peul koedoe jèn isih enom, ora kena ketoewan, awit sing pajoe banget ikoe peul enom.

Ertjis ikoe ana kang mrambat ana kang ora. Sarta ana ertjis Inggris lan marrow erwten, roepané rada pating brendjoel, ana manèh ertjis Walanda roepané aloes.

Peul, ertjis lan capucyner teloe pisan jèn panandoeré moeng satitik digoeloed, jèn akèh ora. Panandoeré nganggo larikan, saelèng sidji-sidji, oetawa digrombolaké dadi dapoeran. Kang akèh-akèh digawé rong larik. Larikané leté 50 cM; jèn pangoeloeré sidji-sidji leté 4-5 cM, jèn dapoeran leté dapoerané 20-25 cM.

Djeroné widji, walak-walak garing lan telesing lemahé, nganti 10 cM. Pangraboeké nganggo phosforzuur lan kali, kèhé ing dalem sagooeloed kang ambané 1.20 M. lan dawané 8 M. phosforzuur 2 KG, kali 1 KG. Jèn ertjis mrambat sawisé toekoel dilandjari nganggo kajoe kang akèh pangé, kang dawané 1-1.50 M. Kaloemrahané ertjis rong larik landjarané rong larik, kena oega ertjis kang ketel salarik, landjarané rong larik, oetawa landjaran rong larik ertjis teloeng larik (1 ing tengah, 2 ing ndjaba). Ertjis salarik, landjarané salarik ikoe kang betjik déwé.

Moeng ertjis kang mrambat kang kena ditalèni ing landjarané. Gooeloedan kang ditandoeri 2 larik, koedoe ambané ora kena koerang saka 1.20 M., sabab jèn kekerepen panandoeré, kang awoh moeng kang sisih ndoewoer baé. Gooeloedané sabisa-bisa dioedjoeraké ngalor: pinggiré gooeloedan kena ditandoeri slajah oetawa lobak.

Betjiké gooeloedané digawé loempat-kidang: jèn mentas gooeloedan ertjis, bandjoer gooeloedan tandoeran lijané, noeli gooeloedan ertjis manèh, mangkono sabandjoeré, soepaja ertjisé bisa kasorotan srengéngé kabèh, gooeloedan kang njelani maoe ditandoeri andyvie, spinazie, postelyn oetawa aardbei.

Bangsané ertjis kang betjik: Vlijmsche krombek, Telegraaf-dopper, standopper, Amerikaansche soorten (ertjis Amerika), Bliss 'Abundance, William Hurst, wonder van Amerika lan vroege Amsterdammer. Bangsané peul kang betjik: Moerheimsch reuzenpeul, vroege Hendrikspeul lan Prins Albert peul. Bangsané capucyners kang betjik: lage kaapsche, lage vroege grijze lan hooge witte.

Manawa sawisé kasebar bandjoer kalalèn, widji apa kang disebar maoe, ikoe isih bisa dititik wohé. Jèn ing tembé mletèk katon tanpa sontrot, tetéla jèn kang kasebar maoe peul, awit jèn ertjis, mesti ana sontroté.

Moenggoeh peul kang toewa ikoe bisa katara saka ing djaba panggonaning isiné, katon pating pandoekeol, nanging moenggoeh ing ertjis kang mangkono ikoe ora katara. Woh peul akèh emperé karo praoe, jèn ertjis ora. Widjiné capucyners rasané sepet, capucyners kang klawoe, kembangé woengoe.

ASPERGE (ASPERSI).

Asperge koedoe ditandoer ing lemah kang gembroeng sarta akèh pangané. Sadoeroengé ditandoeri lemahé koedoe diraboek disik nganggo raboek tlétong raboeké dipendèm, awit jèn wis ditandoeri sarta tandoerané wis metoe tjakaré, lemahé wis ora kena diraboek manéh kaya mangkono.

Déné kang kaaranan tjakar ikoe tandoeran asperge kang isih enom kang asalé saka widji.

Papan kang arep ditandoeri tjakar maoe roepané kaya déné papan kang arep ditandoeri teboe. Kang bakoe ikoe lemahé koedoe diraboek lan digawé mawoer sarta panandoeré moeng salarik. Patrapé kang prajoga déwé kaya ingisor iki.

Jèn lemahé wis dipatjoeli djeroné 60 cM., raboeké dilebokaké, bandjoer dirata, noeli digoeloed-goeloed, lan didèkèki dalan selaning goeloedan. Goeloedané maoe ambané 40 cM., leté (dalané) 80 cM. Goeloedané diqoeqoe djeroné 20 cM, lan lemahé maoe ditoempoek ing dalané kang 80 cM, ambané maoe; dadi goeloedané bandjoer dapoer kalénan, déné dalané dapoer poentoek, dadi kaya lemah bakal tandoeran teboe. Kalénan maoe dioeroegi raboek nganti mèh papak karo sipating lemah nalika doeroeng diqoeqoe lan raboeké dioeroegi lemah.

Tandoeran (dederan) kang ana bédéngan jèn wis oemoer 6 sasi, bandjoer ditandoer ing kalénan maoe, leté 50 cM; ojudé koedoe didjèrèng.

Tjakaré maoe koedoe ana poentoekan tjilik, soepaja ojudé ambjar lan noengkebi poentoekan maoe.

Sawisé tjakar maoe dibedol saka bédéngan, jèn arep ditandoer ing lèngé, koedoe diepé disik sadina, soepaja adja bosok. Jèn

tjakar maoe wis ditata ing ndoewoer poentoekan, ojodé bandjoer dioeroegi, lan enggoné ngoeroegi koedoe ngati-ati, soepaja tingiling semi adja nganti roesak. Jèn wis mangkono, let 6 sasi, bandjoer godongé diketok watara 10 cM. saka lemah, bandjoer diraboek manéh sing akèh. Ing larikan sela-selaning tandoeran maoe; toemoeli diarog ing wiwitan oetawa poengkasaning mangsa rendeng dadi let 2 oetawa 3 dina manéh, jaikoe ing wiwitané sasi Maart oetawa Aprill lan tengah-tengahané sasi September toemeka poengkasané sasi October, bisané dioendoeh. Kadjaba raboek tlétong, asperge ikoe kena diraboek nganggo raboek gawéan, oepama $\frac{1}{2}$ KG. patentkali, $\frac{3}{4}$ KG. superphosfaat lan $1\frac{1}{2}$ KG. chilisal-peter ing dalem 1 roe pesagi. Pangraboeké sadoeroengé ngaroeg.

Maoené goeloedané 40 cM. lan dalané 80 cM. ambané. Bareng wis dioeroeg lengé (goeloedané) 80 cM. lan dalané 40 cM. ambané. Goeloedané dioeroeg nganggo lemah kang ditoempoek ing dalané maoe. Lemah kang kanggo ngoeroeg maoe koedoe mawoer lan ora kena kaworan watoe, krikil oetawa lijané kang atos. Kandelé oeroeg-oeroegan kang noetoepi tjakar oetawa klauw maoe 20-25 cM. Wangoené oeroeg-oeroegan ing ndoewoer warata lan ing kiwa tengené mlèrèt. Watara $1\frac{1}{2}$ -2 sasi wis kena ditjoebles (dioendoeh). Jèn woes rampoeng pangoendoehé, dalan ing antarané goeloedan diraboek manéh, lan lemahé kang kanggo ngoeroeg goeloedan maoe dibalèkaké manéh menjang dalan maoe. Jèn pangraboeké sataoen ping pinglo, dongkèlané bisa diingoe nganti $\pm$ 15 taoen, dadi ngoendoeh ping 15.

Pangoendoehé (panjoeblesé) asperge ikoe ora gampang, lan patrap mangkéné: Toemrap wong kang doeroeng koelina, lemahé betjik didoekiri, aspergené bandjoer dipoetoeng oetawa ditjoebles. Jèn ditjoebles, panjoeblesé koedoe nganggo lading kang lentjeng, dawané 40 cM., ambané 2 cM. Jèn lemahé wis bengkah ikoe nandakaké wis mangsané dioendoeh; déné jèn lemahé wis bengkah, mangka espergené (boengé) ora toemoeli ditjoebles, aspergené (boengé) dadi biroe lan ora pajoe dolé.

Asperge maoe sawisé dioendoeh, dibengketi ngrongpoeloeh oetawa neloeng poeloeh. Panjimpeni diboentel ing soeket teles, sabisa-bisa ing panggonan kang peteng, soepaja adja dadi biroe.

Kanggo toempang-sari sadjroneg rong taoen kang kawitan, dalan kang dioeroegi lemah saka leng, prajoga katandoerana sladah, andyvie, kool oetawa stamboon.

Kang perloe dioendoeh widjiné koedoe milih tandoeran kang soehoer, pangoendoehé jèn wohé wis abang. Daginging woh diplètjèti ing banjoe kaja déné mlètjèti kopi, toemoeli diisis lan dideder ing lemah kang akèh lemèné.

Asperge kang bangsané betjik: vroege van Argenteuie, de Bergen op Zoomsche lan de Duitsche soorten. Mainzer spargel lan Ruhm Braunschneig.

TOMAAAT (BLONDOTAN).

Tomat ikoe kena dirambataké ing andjang-andjang lan kena dipronggoli.

Moenggoch pandederé widji pada baé, jaikoe dideder ing goeloedan leté $\frac{1}{2}$ M. Sagoeloed kang ambané 1.20 M. dilarik dadi rong larik, leté larikan 60-80 c.M., oetawa dideder ing bédéngan ing tembé dipoeter, dielih menjang goeloedan.

Dideder disik ing bédéngan karo dideder teroesan ing goeloedan ikoe pada baé betjiké. Moeng baé jèn tomaat maoe dideder disik ing bédéngan pamoeteré jèn wis arep dipronggoli. Jèn blondotan arep dirambataké ing andjang-andjang, ora perloe dipronggoli. Pamronggolé gampang baé, wité kang wis ana godongé 3-4 dipronggol. Sawisé dipronggol bakal metoe siwilané. Siwilan ikoe kang diingoe moeng teloe kapilih kang seger-seger déwé sarta di landjari wilah kang dawané 1 oetawa 1.25 M. Jèn siwilané maoe dawané wis watara 1 M., dipronggoli; pang-pang kang metoe saka pang teloe maoe, diketoki kabèh.

Jèn wis arep woh, lan wohé metoe saka tantjebing godong, godongé kang poetjoek déwé lan godong loro sangisoré poetjoek koedoe dipoenggel, dadi kang dipoenggel godong teloe ing poetjoek déwé. Jèn blondotan diandjang-andjangi, patrapé mangkéné; Andjang-andjangé ditjagaki pring, doewoeré 50 — 60 c.M. Jèn wis soenjoel ing andjang-andjang bakal nglambrak ing doewoer andjang-andjang. Jèn landjarané wis kebak wité dipoenggel poetjoeké.

Kang bangsa betjik: Alice Roosevelt, tomaat Walanda kang aloes sarta abang, lan Perfection.

KOMKOMMER (TIMOEN) LAN MELOEN (SEMANGA).

Sanadjan wong tani woes akèh kang nandoertimoen, éwadéné betjik nandoera timoen kang prajoga. Timoen ikoe tjilik lan mèmper karo augurken kang gedé. Panandoeré dibédéng lan jèn toekoelané wis godong 3 oetawa 4 dipoeter, anggoné nandjakaké ana ing goeloedan kang ambané 1.50 M., leting tandjan 1 M. Timoen ikoe koedoe ditandoer ing lemah kang gembroeng, kang amès, nanging adja ngember. Timoen ikoe oega kena ditjangkok, samono ikoe jèn ora dèmen nandoer widjiné. Pangé disèlèhaké ing lemah sarta dioeroegi nganggo lemah; kabener matané bakal toekoel ojedé.

Komkommer ikoe kembangé warna loro, kembang lanang lan kembang wadon. Dadi kèh sajitiké woh bisa ditata sarana dilakèkaké oetawa ditjegah adja kongsi laki manèh. Panjegahé jaikoe diboewangi kembangé lanang.

Kang bangsané betjik: de gele tros, witte Amsterdammer, Coliath lan Noa 's lange.

MELOEN (SEMANGKA).

Panandoeré semangka pada baé karo timoen, mangkono oega bab kawoedjoedané lan garing telesing lemah.

Pangoendoehé meloen jèn wis ngganda seger; jèn ngoendoeh, gagangé koedoe dikatoetaké satjirik. Jèn wis toewa ing kiwa-tengening gagang mlekah lan roepané koening.

Kang bangsaning betjik: Kaiserin Augustua Victoria. Gewone net, Berlijner net lan Noir des Carmes.

RABARBER (KLEMBAK).

Klembak koedoe ditandoer ing lemah kang ora mawoer lan teles sarta koedoe kapanasan. Anggoné nangkaraké warna loro, ditandoer widjiné oetawa ditandoer soewékané.

Kang gampang sarta prajoga ikoe nandoer soewékan, bésok toekoelané ora bisa awoh, oetawa nadjan awoha ija moeng satjirik. Kadjaba jèn dasar arep dipèk widjiné, manawa klembak maoe toekoel pangé kang bakal nganakaké woh, pang ikoe koedoe dipoenggeli. Jèn panandoeré disoewéki, ing goeloedan kang ambané 80 c.M. ditandoeri salarik, leté 80 c.M. Jèn panandoeré lagi sataoen doeroeng bisa akèh asilé; moela ngoendoehé jèn wis rong taen, saben taen dirabok kang akèh; lan lemahé diketjrik. Gagang rabarber ing satjedaké pokok dipoenggel soepaja ngoendoehé gagang bisa akèh. Godongé diboewangi, gagangé bandjoer dibengkeki njapoelehi idji.

Wantjiné nandoer kang betjik déwé ing mangsa laboeh. Jèn arep nandoer widjiné, panandoeré koedoe toemoeli baé samangsa wis toewa; widjiné disebaraké oetawa dioeloeraké ing larikan, leté larikan 20 c.M. Jèn toekoelané doewoeré wis 2 c.M. bandjoer diarangaké nganti 20 c.M. leté. Jèn ora ana alangané apa-apa watara 8 sasi saka panandoeré wis kena dielih.

Kang bangsa betjik: Barbarossa, Paragon lan Royal Albert.

BLEEKSELDERY (SLÈDRI POETHI).

Bleekseldery ikoe ing kéné akèh kang doeroeng weroeh, moela ora pati ana kang ngarepaké. Panandoeré kang betjik dideder ing bédjéngan nganggo larikan kang leté 10 — 15 c.M.; ing tembé tandoerané diarangaké kongsi dadi 10 c.M. arangé. Jèn toekoelané wis watara 20 c.M., dipoeter dielih ing goeloedan. Panandoeré kaja déné prei, ing loewangan kang djeroné 20 c.M. Leting larikan 40 c.M., dadi ing goeloedan kang ambané 1.20 M. sedeng 3 larik.

Tandoerané ing larikan leté 40 c.M, madjoe teloe. Bleekseldery koedoe ditandoer ing lemah kang loh lan mawoer.

Jèn tandoerané wis ana ing larikan, diraboek nganggo raboek tjowèr.

Kabèh siwilané koedoe diboewangi. Jèn wis ngoemoer 4 sasi, goeloedané kena dirata, bandjoer tandoerané diarook saka setitik. Pangaroegé koedoe ngati-ati, adja kongsi ana kang tantjebing gojong klebon lemah, moela nalikané ngaroeg gojongè dibengketi.

Nalikané bleekseldery maoe katjeblokaké, ing antarané tandoeran selderi, ija ikoe ing poentoekan lemah doedoekan saka djoegangan, kena ditandoeri sladah, ngiras kanggo tengeran, bésok jèn ngoendoeh sladahé wis mangsané ngaroeg selderiné.

Jèn atiné tandoeran (ing tengahé) wis katon koening, ikoe pratanda selderiné wis kena dibedol, kang dikèrèkaké moeng gojongé kang koerogan, ja ikoe kang dipoetjetaké (bleek=poetjet) lan ojodé satitik. (Bleekselderie = selderi poetjet).

Bangsané kang betjik: White Plume lan Engelsche en Fransche grove.

PETERSÉLIE (PATRASÉLI).

Panandoeré petersélie ing larikan kang leté 10 c.M. Widjiné koedoe dioeroegi lan ora kena garing, sabab angèl toekoelé.

Kadjaba ing lemah, manawa moeng widji satitik, betjik dideder ing kas.

SELDERIE.

Panandoeré oega kaja petersélie, nanging sarèhning selderie loewih rosa tinimbang lan petersélie, leté tandoerané digawé 30 c.M., madjoe teloe. Godong knolselderie lan bleekselderie kang isih enom kena kanggo soelihé selderie kang aloes.

PÊTOENG PANGANGGONÉ WIDJI.

Oekoerané goeloedan kena digawé rata-rata, ja ikoe dawané 8 M. ambané 1.20 M.


Ambané dalan leting goeloedan 0,50 M. (satengah meter) dadi ing dalem sabaoe jèn woes dilongi kaléan octawa goté bisa ana 400 goeloet, awit sabaoe ana 7096,5 M³.

Moerih gampangé ingisor iki pratélan panganggoné widji ing dalem sagoeloed kang ambané 1.20 M., dawané 8 M., lan kanggo saeroe pasagi, sarta sabaoené.


Warnané sajoeran.	Kèhé widji kanggo sagoloed ambané 1.20 M. dawané 8 M.	Kèhé widji kanggo 1 R passagi.	Kèhé widji kanggo sabaoe.
Biet.	18-20 gram	28-30 gram	14-15 KG.
Wortel gedé.	10-13 "	14-20 "	7-10 "
Wortel tjilik.	13-18 "	20-28 "	10-14 "
Radys.	47 "	70 "	35 "
Snyseldery.	13-15 "	20-22 "	10-11 "
Snysla lan steeksla.	2 "	3-4 "	2 "
Schorseneer.	12 "	18. "	9 "
Prei.	15-22 "	22-36 "	11-18 "
Postelein.	170-210 "	250-320 "	125-160 "
Spinanzie.	330-400 "	500-600 "	250-300 "
Peterselie.	10 "	14 "	7 "
Komkommer.	10 "	14 "	7 "
Augurk.	1-2 "	2-3 "	1 "
Stamboon.	47-93 "	70-140 "	35-70 "
Stoksnijboon.	35-47 "	50-70 "	25-35 "
Stokslaboon.	27-47 "	40-70 "	20-35 "
Stam oetawa kruipboon.	60 "	90 "	45 "
Ertjis sing doewoer oetawa sing rada doewoer.	93 "	140 "	70 "
Tuinboon ditandoer toempang-sari.	93 "	140 "	70 "
Tuinboon tanpa toempang-sari.	240 "	360 "	180 "
Kentang.	1-1, 5 kati	2-2, 5 kati	10-11 pikoel



1. Tandoeran sajoean ing Batoe
Prei diwor lan sladah.




2. Kebon sajoeran doewèké wong boemi.



3. Kebon kobis savoy (savoyekool) widjiné saka nagara Walanda.



4. Kebon biet ing Tosari (Egyptische platronde).



5. Maḍahi sajoeran kang toemindak ing Tosari.



6. Nggawa sajoeran saka ing Tosari marang Pasoeroean, diemot ing djaran.

ISINÉ LAJANG IKI:

Beboeká	Katja 2
Atoer woeninga	2

PÉRANGAN I. *Katrangan loemrah.*

Panggarapé lemah	3
Njitak.	3
Pangraboek.	4
Widji.	6
Wantjiné njebar	7
Nandoer lan njebar widji (ndeder ngipoek).	7
Pangoepakara	7
Ngoendoeh	8
Małahi	9

PÉRANGAN II. *Warna-warnaning sajoeran.*

SAJOERAN GODONG.

Bloemkool (kool kembang)	10
Sluitkool.	10
Brocoli	11
Spruitkool	11
Boerenkool.	11
Petsai.	11
Spinazie	12
Snijbiet oetawa Warmoes.	12
Zuring	13
Postelein	13
Cichorei	13
Andyvie (andëwi).	14
Salade (sladab)	14

SAJOERAN OJOD.

Koolraap.	15
Raapkool.	16
Meiraap	16
Radijs (lobak).	16
Rammenas	16
Wortel oetawa Peen	16

	KATJA
Biet	17
Schorseneer	17
Knolselderie (slèdri kenol).	18
Ui (brambang Walanda).	18
Prei	19
Sjalot (brambang)	19
Bawang (knoflook)	19

SAJOERAN OEWOH.

Bangsaning boentjis	19
Tuinboonen.	20
Slaboon	20
Stamspergeboonen.	21
Snijboonen	22
Peul, erwt (ertjis) lan capucyner.	23
Asperge (aspersi).	24
Tomaat (blondotan).	26
Komkommer (timoen) lan meloen (semangka)	26
Meloen (semangka).	27
Rabarber (klembak).	27
Bleekselderie (slédri poetih).	27
Peterselie (patraséli).	28
Selderie	28
Pétoeng panganggoné widji	28

